



Pou Piblikasyon Imedya: 05/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO EGZÒTE MOUN NEW YORK YO POU YO PREPARE POU
GWO TANPÈT AK LORAJ YO APRÈMIDI SA POU RIVE VANDREDI**

***Menas Prensipal Gwo Tanpèt yo se Kout Zèklè ak Gwo Lapli Ki Ap Tonbe, Ak
Rafal Van ki a 80 Kilomèt pa Èdtan Oswa Pi Fò yo***

***Yo Prevwa Kondisyon Metewo Ki Cho ak Imid ki Opresan yo pral Frape Aswè a
ak Tanperati Ki Pi Opòten Wikenn sa***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te egzòte moun New York yo jodi a pou yo prepare yo pou divès tanpèt ak loraj ki ka epapiye toupatou nan eta a pita jodi a pou rive Vandredi maten. Menas prensipal tanpèt sa yo se pral lapli tòransyèl yo, ki kapab lakòz inondasyon rapid ki izole. Kèk pi gwo tanpèt ka pwodwi tou rafal van aprèmidi sa. Inondasyon ibèn nan lari yo, sistèm drenaj pou tanpèt ki bouche, kanivo ki lejèman inonde yo ak akotman ak wout an tè ki lejèman inonde yo pi siseptib a inondasyon.

“Aprè yon pakèt seri chalè ak imidite ekstrèm, nou kounye a prevwa gwo tanpèt toupatou nan New York”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Tanpèt lan pral grav nan kèk kote epi li pral vanse rapidman, kidonk li enpòtan pou nou pòte atansyon sou previzyon metewo lokal nou yo epi pou nou prepare, espesyalman si nou planifye fè aktivite ekstèn.”

Endis chalè yo prevwa monte rive 95 degre jodi a, mennen nan yon risk ki ogmante pou maladi ki an rapò ak chalè. Konsèy ofisyèl pou chalè yo rete an vigè jodi a jiska 8 p.m. nan Konte Albany, Clinton, Erie, Essex, Franklin, Fulton, Genesee, Herkimer, Jefferson, Lewis, Livingston, Monroe, Montgomery, Niagara, Ontario, Orleans, Oswego, Rensselaer, Saratoga, Schenectady, Schoharie, St. Lawrence, Washington, Warren, Wayne, ak Yates. Konsèy ofisyèl pou chalè yo an vigè tou jiska 9 p.m. nan Konte Cayuga, Columbia, Dutchess, Madison, Oneida, Onondaga, Orange, Putnam, Rockland, Seneca, Ulster, Westchester, ak Yates ak Vil New York (Konte New York, Bronx, Richmond, Kings ak Queens). Pou kapab jwenn yon lis sant pou moun rafrech yo, vizite [sit entènèt](#) Depatman Sante Eta New York lan (New York State Department of Health).

Yo prevwa ap gen tanpèt ak loraj pita aprèmidi a pou rive demen maten, avèk yon risk pou gen rafal van ak lapli ki entans sou plan lokal. Li posib pou gen inondasyon rapid ki izole oswa lokalize aswè a nan zòn Rejyon Lwès New York, Finger Lakes, Southern

Tier, New York Santral, North Country, Mohawk Valley, Rejyon Kapital, Mid-Hudson, ak Vil New York.

Itilizasyon kouran ki ogmante epi epapiye yo ka lakòz entèripsyon ki izole akòz sichaj yo. Yo egzòte tout moun New York yo pou konsève itilizasyon elektrik ant lè 3 ak 7 p.m. pou ka evite entèripsyon kouran yo akòz sichaj yo. Rezidan nan rejyon ki afekte yo dwe kontinye swiv medya lokal yo pou dènye previzyon metwolojik yo. Pou w kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak avètisman metewo yo, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Metewo Nasyonan la (National Weather Service).

Gouvènè Cuomo rekòmande pou abitan yo gen materyèl pou dezaz sa yo ki disponib nan ka ke pa gen kouran:

- Flach ak pil siplemantè.
- Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
- Twous premye swen ak manyèl
- Manje ak dlo pou ijans
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
- Medsin esansyèl yo

Gouvènè Cuomo te bay tou konsèy sekirite sa yo pou tanpèt ak loraj yo:

- Verifye previzyon metewo yo anvan ou soti.
- Si yon tanpèt ap apwoche, kenbe yon radyo AM/FM bò kote ou.
- Gade siyal pou tanpèt ki ap apwoche yo, epi ranvwaye aktivite ekstèn yo si tanpèt yo iminan.
- Voye je sou vwazen ou yo ki bezwen asistans espesyal: timoun piti yo, granmoun aje yo, ak moun ki gen andikap yo.
- Pandan ke tanpèt lan ap apwoche, ale nan yon batiman oswa machin ki solid. Pa pranabri nan ti kabin yo, anba pye bwa ki izole yo, oswa nan otomobil ki konvètib yo.
- Ale nan altitud ki pi wo yo si li posib pou gen inondasyon rapid oswa inondasyon. Pa eseye kondwi pou al mete ou an sekirite - laplipa lanmò nan inondasyon rapid yo rive nan otomobil yo.

Pwoteksyon Kont Zèklè

- Siveye syèl la. Sive syèl tan k'ap maske yo, ti ekla zèklè yo, oubyen van ki ap ogmante, ki kapab siy de yon tanpèt k'ap apwoche.
- Tande son loraj yo. Menm lè syèl la sanble ble epi klè, pran prekosyon - zèklè yo kapab vwayaje yon fason lateral sou yon distans 16 kilomèt. Si ou kapab tandè kout loraj, ale nan yonabri sekirize imedyatman.
- Si ou wè zèklè oswa tandè tonè, oswa si ou obsève nyaj ki nwa yo, ranvwaye aktivite yo rapidman. Pa rete tann lapli a - zèklè yo konn frape souvan a yon distans rive 16 kilomèt de kote lapli a ap tonbe an. Rantre rapidman anndan yon batiman ki konplèman fèmen. Si batiman ki fèmen yo pa konvenab, rantre anndan yon machin ki gen twa solid ki konplètman an metal.
- Zèklè frape bagay ki pi wo a, kidonk mete ou nan pwèn ki pi ba posib lan. Nan zòn montanyèz yo, si ou depase wotè liy pye bwa a, mete ou rapidman pi ba

pase li epi ale nan yon boske ti pye bwa. Akwoupi si ou nan yon zòn ki ekspoze. Pa mete tèt ou kòm dezyèm bagay ki pi wo an pandan yon tanpèt ak kout zèklè.

- Si ou pa kapab ale nan yon abri, rete lwen pye bwa yo. Si pa gen abri, akwoupi nan zòn ki ekspoze, epi rete lwen a yon distans doub fwa longè pye bwa a.
- Desann bisiklèt ak motosiklèt yo, epi evite apiye sou veyikil yo.
- Soti nan dlo yo, plaj yo epi soti nan ti bato ak kannòt yo. Si ou bloke nan yon bato, akwoupi nan mitan bato an epi lwen aparèy metalik yo. Evite kanpe nan flak dlo yo, menm si ou gen bòt kawotchou nan pye ou.

Sou direksyon Gouvènè a, Eta New York la te resaman amelyore sistèm notifikasyon ijans NY-Alert la. Nouvo sistèm NY-Alert la ap ofri yon fason ki pi pratik pou Nouyòkè yo enskri pou alèt pèsonalize sou sijè enpòtan sa a tankou metewo, sikilasyon, moun ki pèdi ak plis ankò. Yo ap ebèje nouvo sistèm lan sou yon platfòm ki baze sou nyaj pou satisfè demann kwasan an epi pi byen sèvi Nouyòkè yo. Pou nou rete enfòm de tout dènye enfòmasyon yo, Nouyòkè yo dwe vizite sitwèb yo fenk remodle a, <https://alert.ny.gov> pou yo enskri pou yo ka resevwa alèt yo ta renmen resevwa yo.

Pou yon lis konplè ki gen tèm metewolojik yo ak ti konsèy sekirite pou tout danje yo, vizite sitwèb Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) sou www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/index.cfm.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)